



Michael R. Bloomberg, Mayor  
Salvatore J. Cassano, Fire Commissioner

## SÈT PI GWO RÈGLEMAN SEKIRITE KONT ENSANDI FDNY



### 1. Pa janm sèvi ak on fil ralonj pou gwo aparèy elektrik tankou chofaj espas, klimatizè oswa frijidè.

Fil ralonj kab mete dife nan kay lè yo chofe depase la mezi, paske gen twòp chaj nan priz la.

### 2. Pa janm fimem lè w kouche, espsyalman si w gen fèt vire, ap pran medikaman oswa ou tap bwè. Etenn poy sigarèt yo byen ak dlo anvan ou jete yo.

Moun ki fimem gen sèt fwa plis chans pou dife pran nan kay yo ke moun ki pa fimem.




### 3. Rete nan kizin la, lè wap fè manje epi mete rad ki gen manch kouf ki byen sere.




Manje ki ap kwit ke yo pa veye se lakòz trant uit pousan dife ki pran nan kay.

### 4. Enstalasyon ak antretyen alam ki detekte lafimen ap diminye a mwatye chans pou w ta mouri nan yon dife. Mete alam nan chak etaj ak nan chanm pou plis pwoteksyon.

Swasant dis pousan lanmò ke dife se lakòz, rive nan kay ki pa gen alam pou detekte lafimen oswa ki gen sa ki pap mache kòm sa dwa. Majorite moun ki mouri yo se timoun ak vye granmoun.



### 5. Fè plan sovtaj epi antrene. Pa eseye goumen ak dife an oumenm. Sòti EPI FÈMEN PÒT LA. Rele 911 lè ou rive on kote ki an sekirite.



Lafimen ak dife koze lanmò ! Ou gen dwa gen mwens ke twa minit pou w chape.

### 6. Sere alimèt ak brikèt yon kote timoun paka rive ni wè. Veye sou timoun yo toutant.

Sa ki pi souvan koze lanmò timoun piti nan dife, se timoun ki ap jwe ak alimèt oswa brikèt.



### 7. Pa janm kite bouji limem san yo pa veye'l.

Mwatye nan moun ke dife bouji mete nan kay tiye gen mwen de 20 an d'aj.

